

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Panalungtikan nu judulna “*Wawacan Putri Sekar Arum* Karya Cucu Suhartini (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ngahasilkeun sababaraha kacindekan nu bisa didésripsikeun saperti ieu di handap.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik medar ngeunaan struktur formal nu ngawengku guru lagu jeung guru wilangan, sasmita pupuh, jeung watek pupuh dina *Wawacan Putri Sekar Arum*, struktur naratif nu ngawengku téma, tokoh, galur, jeung latar dina *Wawacan Putri Sekar Arum*, sarta ajén étnopédagogik dina *Wawacan Putri Sekar Arum*.

Dumasar hasil analisis struktur formal, jumlah pupuh dina *Wawacan Putri Sekar Arum* nyaéta aya opat pupuh, nyaéta kinanti, mijil, asmarandana, jeung durma. Pupuh nu saluyu jeung aturan guru lagu jeung guru wilangan pupuh nyaéta mijil. Sedengkeun pupuh nu teu saluyu jeung aturan guru lagu jeung guru wilangan pupuh nyaéta kinanti, asmarandana, jeung durma. Dina hasil analisis, kapanggih aya opat sasmita pupuh, nu hartina dina unggal pupuh aya sasmita pupuhan. Sedengkeun watek pupuh dina unggal pupuh nu dipaké nyaéta kinanti nu watek pupuhna prihatin jeung nganti-nganti, mijil nu watek pupuhna sedih jeung nyanghareupan kabingung, asmarandana nu watek pupuhna asmara, jeung durma nu watek pupuhna ambek jeung perang.

Dumasar hasil analisis struktur naratif, téma dina *Wawacan Putri Sekar Arum* nyaéta téma sosial. Tokoh nu aya dina *Wawacan Putri Sekar Arum* nyaéta tokoh manusa (manusa nu boga ngaran jeung manusa nu teu boga ngaran), sato (sato asli jeung sato mamalihan), jeung golongan jin. Latar tempat dina *Wawacan Putri Sekar Arum* nyaéta di karajaan Putri Sekar Arum, karajaan Indragiri, karajaan Buta, jeung luar karajaan. Latar waktu dina *Wawacan Putri Sekar Arum* dibagi jadi latar waktu dumasar titimangsa jeung latar waktu dumasar durasi. Latar sosial dina *Wawacan Putri Sekar Arum* nyaéta dumasar kana status sosial, aya nu asalna ti kulawarga karajaan jeung aya ogé nu asalna ti masarakat biasa.

Galur dina Wawacan Putri Sekar Arum ngagunakeun alur campuran, sabab aya kajadian nu nyaritakeun kajadian di mangsa harita.

Ajén étnopédagogik dina *Wawacan Putri Sekar Arum* leuwih nyoko kana ajén moral kamanusaan urang Sunda. Saperti moral manusa ka Allah, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa kana waktu, moral manusa ka alam, jeung moral manusa kana kasugemaan lahir jeung batin.

5.2 Implikasi

Dina hiji panalungtikan, tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkérán. Sanajan ieu panalungtikan miboga kahéngkérán, tapi panalungtik miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh jeung mekarkeun élmu kasusastraan. Utamana dina pangaweruh ngeunaan étnopédagogik (kaarifan lokal) jeung mekarkeun karya sastra wawacan.

5.3 Saran

Aya sababaraha saran atawa rékoméndasi nu ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina kana ieu panaluntikan, nyaéta pikeun panalungtik saterusna jeung pikeun masarakat. Kahiji, panalungtikan ngeunaan étnopédagogik kudu terus dilaksanakeun. Étnopédagogik mangrupa élmu ngeunaan kaarifan lokal nu kudu dirojong jeung dimekarkeun sangkan kaarifan lokal teu kadéséh ku kaayaan di jaman kiwari. Kadua, masarakat hususna urang Sunda, dipiharep bisa néangan pangaweruh ngeunaan wawacan, lantaran wawacan téh mangrupa salah sahiji karya sastra kaarifan lokal nu kudu dimekarkeun.